

**Ministère de L'École du Dimanche et de la Formation de Disciples International(MEDFDI)
Rejyon Mezoamerik**



Misyon

Misyon MEDFDI se pou akonpli Gran Komisyon an nan mitan timoun yo, jèn ak granmoun yo nan lòd pou yo prepare yo pou yo vin disip tankou Kris la nan nasyon yo.

VIZYON

Se pou nan chak legliz local, ministè sa se yon mwayen efikas nan fòmasyon disip ki ale pi lwen pase Dimanch, ki bay yon fondasyon bibliik pou lavi nan sentete a epi ki enplike nan legliz la tout antye.

Objektif : Ministère de l'École du Dimanche et de la Formation de Disciples International yo genyen kat faz:

- A. Vin yon pèp ki kanpe sou lapriyè, baze sou Pawòl la, fè disip menm jan ak Kris la.
- B. Entansyonèlman devlope relasyon ak moun ki poko konvèti yo yon fason pou yo vin disip sanble avèk Kris la, nan fè disip sanble avèk Kris.
- C. Anseye pawòl Bondye a bay timoun yo, jèn ak adilt yo pou yo ka sove, sanntifye konplètman ak pran matirite nan eksperyans kreyen yo, sa k'ap bay rezilta a yon vi de konpasyon, evanjelizasyon, edikasyon kreyen ak fè disip.
- D. Ankouraje tout moun pou yo patisipe fidèlman nan yon ministè disip, tankou lekòl Dominikal / etid bibliik, ti gwoup, ak lòt ministè disip.

Yon fason pou nou rantre nan Vizyon Rejyon an "Yon milyon Nazaren angaje nan Misyon an, pou ane 2030", Se estrateji sa yo ki sigjere.

Estrateji A

- Bay fòmasyon espiyèl, kote lapriyè pratike ak lekti Pawòl la kòm yon pati nan lavi chak jou.
- Ouvri lespri ou ak sansibilize kè tout moun atravè ranpli ak Sentespri a.
- Mete tout fanmi an ladan li atravè lotèl fanmi yo.
- Kreye espas pou lapriyè nan ministè yo.

Estrateji B

- Dekouvri bezwen priyorite kominote a, tankou misyon iben yo pou yo ale nan ministè yo.
- Etabli relasyon ak kominote ki nan kominote a avèk yon konsantrasyon sou jèn moun ak timoun yo, bay opòtinite pou yo vin gen asirans, akseptasyon ak kwasans entegral.
- Planifye pou evanjelizasyon entansyonèl ak divèsifye epi konstriksyon legliz ki nan kontèks la.
- Fòmasyon lidè ak konsantrasyon resous anvè Misyon an.

Estrateji C

- Òganize ansèyman tan lekòl la oswa nan ti gwoup nan kay pandan semèn nan.
- Mete aksan sou fòmasyon lidè yo, pwofesè yo ak pastè yo.
- Ede kreyen an vin tankou Kris la nan egzanp lavi selès lidè a, nan yon fason ki entegral.
- Fè fòmasyon disip pou lidè ak gid yo.
- Chwazi materyèl edite pa Legliz Nazareyen ki bay konesans sou doktrin, lavi devosyonèl ak sèvis.

Estrateji D

- Mete timoun ak jèn yo nan fòmasyon disip yo, pandan w'ap bay yo opòtinite ak ministè ki diferan.
- Etabli yon atmosfè de konfyans kote yo kapab jwenn api konplètman.
- Redefini estrateji fòmasyon disip yo pou sa kapab parèt enteresan pou tout moun.
- Mete ministè yo ajou atravè lidèchip ak preparasyon pastoral.